

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Objék panalungtikanna nyaéta kumpulan carita pondok *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13. Saluyu jeung pamadegan Bagdan and Biklen (1982) dina Sugiyono (2017, kc.13) yén panalungtikan nu maké pamarekan kualitatif mah sifatna déskriptif sarta data anu dikumpulkeun mangrupa kekecapan atawa gambar, lain wangun angka. Ulikan nu dipaké pikeun maluruh datana nyaéta ulikan struktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra (Stanton, 2019, kc. 22).

Métode panalungtikan mangrupa cara-cara pikeun meunangkeun data panalungtikan secara ilmiah (Sugiyono, 2017. kc 2). Metodé anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta deskriptif. Nurutkeun Ratna dina Nurmala (2021) métode panalungtikan déskiptif téh mangrupa panalungtikan ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satulunya dianalisis pikeun meunangkeun hiji hal. Ngaliwatan métode panalungtikan deskriptif analitik téh didéskripsikeun aspék-aspék sosial nu aya dina kumpulan carita pondok *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.

Desain panalungtikan mangrupa hiji rarancang pikeun ngumpulkeun sarta nganalisis data panalungtikan. Ayana desain panalungtikan téh miboga pungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi nyindekkeun hasil panalungtikan. Ieu di handap mangrupa bagan tina léngkah-léngkah panalungtikan anu dilaksanakeun.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### **3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data téh mangrupa léngkah stratégis dina ngahontal udagan panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta studi pustaka. Studi pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data anu sumberna tina dokumén atawa sumber pustaka. Dokumén atawa sumber pustaka téh bisa dina wangu tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal (Sugiyono, 2017, kc. 240). Téhnik panalungtikan miboga tujuan pikeun nyangking fakta-fakta anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Dina ieu panalungtikan léngkah-léngkah ngumpulkeun datana nyaéta 1) nangtukeun sumber data, di dieu anu jadi sumber datana nyaéta buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13, 2) buku kumpulan carpon dibaca nepi ka paham kana eusina, 3) sabada dibaca, disalin unsur-unsur struktural carita jeung aspék sosialna ngagunakeun tabél jeung kartu data, 4) data anu dikumpulkeun satuluyna diolah atawa dianalisis téa.

### **3.3 Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis eusi. Pikeun ngolah datana ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana sastra. Salian ti éta, digunakeun ogé tiori aspék sosial Soerjono Soekanto anu ngabagi aspék sosial jadi lima, nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, aspék sosial atikan, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta 1) niténan data, 2) misahkeun data struktur carita jeung data aspék sosial, 3) nganalisis data dumasar tiori anu dipaké, 4) ngadéskripsikeun hasil analisis data, 5) nafsirkeun hasil déskripsi, jeung 6) nyieun kacindekan dumasar hasil analisis anu ngajawab kana rumusan masalah panalungtikan.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumen panalungtikan anu dipaké nyaéta tabél cutatan jeung kartu data. Tabél cutatan jeung kartu data dipaké salaku alat sangkan ieu panalungtikan bisa sistematis. Arikunto (2010, kc. 265) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat jeung pasilitas anu dipaké ku panalungtik sangkan data anu dikumpulkeun bisa sistematis.

### **3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun jeung Nganalisis Data**

Instrumén ngumpulkeun jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan téh mangrupa tabél cutatan jeung kartu data. Tabél cutatan jeung kartu data dipaké pikeun nganalisis struktur carita sarta néangan aspék sosial anu aya dina carita. Leuwih lengkepna bisa ditingali di handap.

**Gambar 3. 1  
Kartu Data Téma**

<b>Téma :</b>
<b>Cutatan:</b>
<b>Kode data:</b>
   <b>Analisis:</b>

**Gambar 3. 2  
Kartu Data Galur**

<b>Galur:</b>
<b>Cutatan:</b>
<b>Kode data:</b>
   <b>Analisis:</b>

**Tabél 3.1  
Palaku Carita**

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Penokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis

**Gambar 3. 3**  
**Kartu Data Watek Palaku Carita**

<b>Ngaran palaku:</b>
<b>Watek palaku:</b>
<b>Cutatan:</b>
<b>Kode data:</b>
<b>Analisis:</b>

**Gambar 3. 4**  
**Kartu Data Latar**

<b>Jenis latar:</b>
<b>Cutatan:</b>
<b>Kode data:</b>
<b>Analisis:</b>

**Gambar 3. 5**  
**Kartu Data Puseur Implengan**

<b>Puseur implengan:</b>
<b>Cutatan:</b>
<b>Kode data:</b>
<b>Analisis:</b>

**Tabél 3. 2**  
**Aspek Sosial dina Karya Sastra**

No	Judul Carpon	Aspek Sosial				
		Agama	Moral	Politik	Ekonomi	Atikan

**Gambar 3. 6**  
**Kartu Data Aspék Sosial**

<b>Aspék sosial:</b>
<b>Cutatan:</b>
<b>Kode data:</b>
 <b>Analisis:</b> 

### **3.5 Data jeung Sumber Data**

Data dina ieu panalungtikan nyaéta salapan carpon anu ditulis ku angkatan kahiji Panglawungan 13. Sumber data ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13. Data jeung sumber data dipedar saperti ieu di handap.

#### **3.5.1 Data**

Anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta salapan carpon dina buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13. Salapan carpon anu baris dianalisis mangrupa carpon anu ditulis ku angkatan kahiji dina Panglawungan 13. Carpon-carponna nyaéta “Nu Moal Kapopohokeun” karya Ati Amiati, “Lir Langit nu Caang Lénglang” karya Téty S. Nataprawira, “Impian nu Tinekenan” karya Ida Haka, “Malibir Wanci” karya Émha Ubaidillah, “Basa Peuting Beuki Simpé” karya Écép Yuli Sukmara, “Panonpoé Tunggang Gunung” karya Nyi Roro, “Arisan” karya Tuti Rohimah, “Hutang” karya Hikmat Nugraha, sarta “Kuéh keur Kila” karya Barkatunnisa. Tina salapan carpon téh dianalisis struktur carita jeung aspék sosialna. Dina struktur carita dipaluruh unsur intrinsikna anu ngawengku téma, galur, latar, palaku, watek palaku, judul jeung puseur implengan. Tina aspék sosialna dipaluruh aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, aspék sosial atikan, aspék sosial moral, jeung aspék sosial politik anu aya dina caritana.


#### **3.5.2 Sumber data**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) anu disebut sumber data téh nyaéta subjék data anu dipaké panalungtikan. Sacara umum, sumber data ngawengku tilu aspék nyaéta tempat (*place*), jalma (*person*), jeung dokumén (*paper*).

Sumber data ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta sumber data primér jeung sumber data sekundér. Ari sumber data primérna nyaéta buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13. Sumber data sekundérna nyaéta buku jeung jurnal anu saluyu jeung ieu panalungtikan.

Buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* téh mangrupa karya katilu Panglawungan 13 anu medal. Ieu buku kawangun ku 21 judul carpon anu ditulis ku 21 pangarang, sarta diéditoran ku Aam Amilia. Aam Amilia téh salah saurang pangarang anu geus kasohor alatan karya-karyana sarta kaaktipanna dina sababaraha komunitas sastra, kaasup salah sahijina kelas diajar ngarang Panglawungan 13 téa. Ieu di handap idéntitas lengkep buku kumpulan carpon *Keretas Bodas*.

- 1) Judul :** Keretas Bodas
- 2) Pangarang :** Angkatan kahiji Panglawungan 13 (Ati Amiati, Téty S, Ida Haka, Émha Ubaidillah, Écép Yuli Sukmara, Nyi Roro, Tuti Rohimah, Hikmat Nugraha, jeung Barkatunnisa). Angkatan kadua Panglawungan 13 (Yooke Tjuparmah, Dian Wulan, Ajat Sudrajat, Iwan M. Ridwan, jeung Sofyan Limbangan). Angkatan katilu Panglawungan 13 (Évi Sulastri, Yadi Karyadipura, Rin Riani, Ravy Rasmita, Tuti Héryati, Dédéh soeciatyi, jeung Éryandi).
- 3) Éditeur :** Aam Amilia
- 4) Taun medal :** citakan ka-1, taun 2019
- 5) Penerbit :** Pustaka Jaya
- 6) Ukuran:** 14,5 x 21 cm
- 7) Kaca :** 168 kaca
- 8) Kertas eusi :** kertas HVS 70 gram
- 9) Sampul :** *soft cover* kertas *Cover art carton* 210 gram
- 10) ISBN :** 978-623-221-286-2



Gambar 3. 7 Buku Kumpulan  
Carpon Keretas Bodas

**11) Sampul buku:** Lukisan “Mimpi Seribu Bunga” karya Nana Banna. Sampulna ngagambarkeun hiji wanoja anu keur saré di luhureun kekembangan. Warna anu *dominan* dina sampulna nyaéta biru jeung bodas. Bagian luhur sampul bukuna aya ngaran Aam Amilia salaku éditor. Di bagian handap tina sampulna aya judul buku anu ditulisna maké warna beureum sarta latar lukisanna warna bodas. Aya ogé ngaran penerbit di bagian panghandapna tina sampul buku.